NUKUS TUMANLARARO IQTISODIY SUDI
230100, Nukus shahri, A.Dosnazarov ko‘chasi, 92

NO’KIS RAYONLAR ARALIQ EKONOMIKALIQ SUDI
230100, No’kis qalasi, A.Dosnazarov ko’shesi, 92-jay

Tel: 55 102 40 66 (280) e-mail: i.nukus@sud.uz

Protected by PDF Anti-Copy Free
(Upgrade to Pro Version to Remove the Watermark)

**Өзбекстан Республикасы атынан**
**ШЕШИЎШИ ҚАРАР**

**2023-жыл 15-май** **Нөкис қаласы** **XXXXXXXXXXX**

Нөкис районлар аралық экономикалық суды судьясы М.Каримбаева басшылығында, судья жәрдемшиси С.Калмуратовтың хаткерлигинде, арза бериўши ўәкили XXXXXXXXXXX (исеним хат тийкарында)тың қатнасында, арза бериўши XXXXXXXXXXXX, қарыздар "XXXXXXXXXXXX" жуўапкершилиги шекленген жәмийетин төлеўге қәбилетсиз-банкрот деп табыў ҳаққындағы арзасын ҳәм қосымша ҳүжжетлерин суд имаратында ашық суд мәжилисинде көрип шығып, төмендегилерди

**А Н Ы Қ Л А Д Ы :**

Арза бериўши XXXXXXXXXXXX, қарыздар "XXXXXXXXXXXX" жуўапкершилиги шекленген жәмийетин (ИНН XXXXXXXXXXXX) төлеўге қәбилетсиз -банкрот деп табыўды сораған.

Суд мәжилисинде арза бериўши ўәкили қарыздардың мәмлекетлик бюджет ҳәм бюджеттен тысқары қорларға қарызын төлеў имканиятының жоқлығын билдирип, оны банкрот деп табыўды сорады.

Қарыздар суд мәжилисине келмеди. Истиң усы күни көрилетуғыны ҳаққында хабарланғаны почта ҳүжжети менен тастыйықланады.

Өзбекстан Республикасы Экономикалық процессуал кодексиниң (кейин-ЭПК) 128, 170-статьясына тийкар, суд исти усы шахс қатнасыўысыз көрип шығыўды мақул тапты.

**Суд арза бериўши ўәкилиниң түсинигин тыңлап, ис материлларын үйренип шығып, арзаны қанаатландырыўды мақул тапты.**

Өзбекстан Республикасы «Төлеўге қәбилетсизлик ҳаққында»ғы Нызамының (кейин-Нызам) 5-статьясы биринши бөлимине тийкар, төлеўге қәбилетсизлик белгилери төмендегилерден ибарат:

ўақтынша төлеўге қәбилетсизлик-егер тийисли миннетлемелер жүзеге келген сәнеден үш ай ишинде қарыздар тәрепинен орынланбаған болса, қаланы қураўшы кәрхана ҳәмде оған теңлестирилген кәрханалар тәрепинен болса-алты ай ишинде орынланбаған болса, судқа мүрәжат етиў сәнесинде қарыздардың пул миннетлемелери бойынша кредиторлар талапларын қанаатландырыўға ҳәм (яки) салық ҳәм жыйымлар бойынша өз миннетлемелерин орынлаўға мүмкин емеслиги;

мүдамы төлеўге қәбилетсизлик-егер судқа арза бериў сәнесиндеги

ҳәм арза берилген жылдың басындағы есабат дәўиринде, егерде арза жылдың биринши шерегинде берилген болса, өткен жылдың басындағы есабат дәўиринде қарыздардың миннетлемелери оның активлери баҳасынан асып кеткен болса деп белгиленген.

Protected by PDF Anti-Copy Free
(Upgrade to Pro Version to Remove the Watermark)

Нызамның 241-статьясына муўапық, өз искерлигин тамамлаған қарыздар жеке тәртиптеги исбилермен яки тамамланып атырған юридикалық шахстың баслығы болмаған жағдайда, болмаған қарыздарды төлеўге қәбилетсиз деп табыў ҳаққындағы арза, кредиторлық қарызы муғдарынан қәттий нәзер, кредитор, ўәкилликли мәмлекет үйымы, мәмлекет салық хызмети уйымы яки басқа ўәкилликли үйым тәрепинен берилиўи мүмкин.

Истеги ҳүжжетлерге қарағанда қарыздардың баслығы XXXXXXXXXXXXXXXX мәнзили Нөкис қаласы XXXXXXXXXXX XX-жай деп көрсетилген.

Ис материалларына қосылған ҳүжжетлерге қарағанда арза бериўши пайдасына қарыздардан салық төлемлериниң өндирилиўи бойынша нызамда белгиленген тәртипте тийисли иләжлар көрилген.

Қарыздардың салықлар ҳәм мәжбурий төлемлерден қарызы 2023-жыл 14-апрель күнине 486 389 283,6 сўмды қурайды.

Қарызларды өндириў мүмкин болмағаны иске қосылған Мәжбурий орынлаў бюросы бөлиминиң қарары менен тастыйықланады. Сондай-ақ, Өзбекстан Республикасының “Суд хужжетлери ҳәм басқада органлар ҳүжжетлерин орынлаў ҳаққында”ғы Нызамының 40,41-статьяларына тийкар суд хүжжетлери орынланбастан қайтарылған.

Суд қарыздардың мәжбурий төлемлер бойынша өз мәжбуриятларын орынлаўға мүмкин емеслиги себепли арза талабын қанаатландырыўды, қарыздарды банкрот деп табыўды, оған сапластырыўға байланыслы ис жүритиў процедурасын қоллаўды лазым тапты.

Сапластырыў басқарыўшысы сыпатында Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик активларын басқарыў Агентлигиниң Қарақалпақстан Республикасы басқармасы тәрепинен усынылған XXXXXXXXXXXXXX кандидатурасы тастыйықланады.

Солай етип, суд арза талабын тийкарлы таўып, қарыздардан арза бериўши пайдасына алдын ала төленген почта қәрежетин өндириўди мақул табады.

ЭПКниң 118-статьясына тийкар, мәмлекетлик бажы айыпкер шахстан өндирилиўи лазым.

Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды Пленумының 2020-жыл 19-декабрь күнги «Экономикалық ислер бойынша суд қәрежетлерин өндириў әмелияты туўрысында”ғы 36-санлы қарарының 16-бәндинде, улыўма қағыйдаға көре, ис бойынша суд қәрежетлери даўада айыплы болып шыққан тәреп төлейди деп түсиник берилген.

Сонлықтан нызамда белгиленген тәртиптеги базалық есаплаў муғдарының үш еесиндеги мәмлекетлик бажы қарыздардан бюджет есабына өндириледи.

Өзбекстан Республикасы Экономилкалық процессуал кодексиниң 36, 118, 176-179, 210-статьяларын басшылыққа алып, суд

Protected by PDF Anti-Copy Free

**Қ А Р А Р  Е Т Т И:**

(Upgrade to Pro Version to Remove the Watermark)

Арза бериўшиниң талабы қанаатландырылсын.

Нөкис қаласы "XXXX[illegible]XXX" жуўапкершилиги шекленген жәмийетин (ИНН XXXXXXXX[illegible]) төлеўге қәбилетсиз - банкрот деп табылсын, сапластырыў өндир[illegible]ылсын.

Сапластырыў басқарыўшысы етип XXXXXXXXXX тайынлансын.

Сапластырыў басқарыўшысына қарыздар банкрот деп табылғанлығы ҳаққында рәсмий газетада жәриялаў, белгиленген тәртипте сапластырыў жумысларын алып барыў, сапластырыў режесин дүзиў, қарыздардың мал-мүлкин анықлаў, егерде анықланған жағдайда өзиниң басқарыўына алыў, экономикалық судының талабына тийкар мағлыўматлар берип барыў ҳәм сапластырыў жуўмағы бойынша жуўмақлаўшы жазба түрдеги есабатын **2023-жыл 30-июнь** күнине шекем Нөкис районлар аралық экономикалық судына усыныў жүклenсин.

Қарыздардан арза бериўши пайдасына 30 000 сўм почта қәрежети ҳәм бюджет есабына 900 000 сўм мәмлекетлик бажы өндирилсин. Орынлаў хатлар берилсин.

Шешиўши қарары дәрхал орынлаўға қаратылсын.

Шешиўши қарар қабыл етилген күннен бир айдан кейин нызамлы күшине киреди ҳәм қарарға наразы тәреп Қарақалпақстан Республикасы судына апелляциялық тәртибинде арза бериўи (прокурор протест келтириўи) мүмкин.

**Судья** **М.Каримбаева**